

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

HAITIAN CREOLE EDITION
SCIENCE—GRADE 4
WRITTEN TEST

4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

ME 2004

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an majiskil sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Premye Pati a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyon sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen 11 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.

Copyright 2004

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

ESPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan 1. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini apre 1, repons yo make ak lèt A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fèy repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nime-wo 2 pou make repons ou yo sou fèy repons lan.

Li egzanp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

S-1 Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a.

S-2 Kilès nan bèt sa yo ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chaje yon repons, ou fêt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon an.

Premye Pati

1 Nan Eta New York, pandan ki mwa jounen yo pi long?

- A Jen
- B Mas
- C Desanm
- D Septanm

2 Vègla, lapli, lanèj, ak lagrèl, se plizyè fòm

- A ewozyon
- B evaporasyon
- C dlo souteren
- D presipitasyon

3 Lè dlo jele, se yon egzanp ki montre

- A yon likid ki tounen yon solid
- B yon solid ki tounen yon likid
- C yon gaz ki tounen yon solid
- D yon gaz ki tounen yon likid

4 Ki fòm enèji ki nesesè pou fè dlo, ki yon likid, tounen yon gaz?

- A enèji chalè
- B enèji mekanik
- C enèji chimik
- D enèji sonò

5 Ak ki kalite enèji yon moun sèvi pou pedale yon bisiklèt?

- A enèji limyè
- B enèji sonò
- C enèji mekanik
- D enèji elektrik

6 Kilès nan bagay sa yo ki kondwi elektrisite pi byen?

- A yon kreyon lasi
- B yon kiyè plastik
- C yon efaswa an kawoutchou
- D yon klou an fè

Baze repons ou pou kesyon 7 ak 8 sou enfòmasyon ki pi ba la a.

Gen yon gwo lapli ki te tonbe yon jou ki te fè cho nan sezon ete a. Apre lapli a, gen yon bòl plastik ki te chita sou yon tab piknik epi ki te gen 2 santimèt dlo lapli ladan l. Apre kat èdtan, tout dlo lapli ki te nan bòl la te disparèt.

7 Ki fenomèn ki te lakòz dlo lapli ki te nan bòl la te disparèt pandan li te chita deyò nan chalè a?

- A kondansasyon
- B evaporasyon
- C presipitasyon
- D ewozyon

Gade kesyon 8 la byen epi wap wè li bay twa chwa sèlman.

8 Si jou sa a se fredi ki te fèt olye li te fè chalè, dlo lapli nan bòl la ta disparèt

- A pi dousman
- B pi vit
- C nan menm kantite tan an

9 Kilès nan karakteristik fizik sa yo yon timoun kapab erite?

- A mak nan figi
- B je ble
- C cheve long
- D janm kase

- 10** Plim yon kanna gen yon lwil natirèl ki kouvri yo pou fè kanna a rete sèk.
Se yon karakteristik espesyal kanna yo genyen pou ede yo
- A bay pitit yo manje
 - B adapte ak anviwonnan yo
 - C rale mal oubyen femèl kanna pou yo kwaze
 - D chache manje
- 11** Wòl rasin yon plant se pou sipòte plant lan epi pou
- A fè manje
 - B pwodwi fwi
 - C rale dlo ak eleman nitritif
 - D ede plant lan pouse
- 12** Kilès nan manje sa yo ki yon fwi?
- A yon pòmtè [*potato*]
 - B yon zonyon [*onion*]
 - C yon kawòt [*carrot*]
 - D yon sitwouy oswa jouwoumou [*pumpkin*]
- 13** Nan ki kalite anviwonnan yon lapen blan ta jwenn pi bon pwoteksyon kont rapas yo?
- A yon forè ki gen lonbraj
 - B yon teren ki gen anpil nèj
 - C yon gazon ki gen anpil zèb
 - D yon rebò larivyè ki gen labou
- 14** Krapo ponn ze ki vin tounen teta, epi ki vin tounen krapo pi ta. Sekans chanjman sa a se yon egzanp ki montre kouman bagay ki gen lavi yo
- A pase nan plizyè etap nan lavi yo
 - B fòme yon chenn alimantè
 - C sèvi kòm yon sous pou manje
 - D gen yon efè sou lòt pati ekosistèm lan

15 Lè gen yon danje ki pre, yon manman poul rele pitit li yo fò, epi tout ti poul yo kouri vin jwenn li. Ki sans ki ede ti poul yo resevwa siyal danje manman yo bay la?

- A kapasite pou pran sant
- B kapasite pou goute
- C kapasite pou wè
- D kapasite pou tandem

16 Yo ekri lè solèy leve ak lè solèy kouche pandan twa jou nan mwa fevriye a nan tablo pi ba la a.


Dat	Solèy leve	Solèy kouche
8 fevriye	7:00 dimaten	5:20 diswa
15 fevriye	6:50 dimaten	5:30 diswa
22 fevriye	6:40 dimaten	5:40 diswa

Sous: www.sunrisesunset.com


Dapre enfòmasyon sa yo, kilès nan deklarasyon sa yo ki se yon konklizyon kòrèk?

- A An mezi mwa a ap pase, jounen yo vin pi long.
- B An mezi mwa a ap pase, jounen yo vin pi kout.
- C An mezi mwa a ap pase, solèy la leve pi ta.
- D An mezi mwa a ap pase, solèy la leve pi bonè.


17 Yo montre yon gwoup bouton nan dyagram ki pi ba la a.



Kilès nan bouton sa yo ki dwe nan menm gwoup ak bouton yo montre yo?



18 Ki kalite enfòmasyon ki genyen nan kat Etazini sa a?




- A kapital Eta yo
 - B chenn montay
 - C kondisyon klimatik
 - D popilasyon bète
- 19** Yo predi tanperati a pral desann pi ba pase zewo santigrad nan nwit la. Kisa yo ka fè pou pwoteje plant ki rete deyò yo?
- A koupe nan fèy yo
 - B rache yo
 - C kouvri yo
 - D ba yo nouriti pou plant
- 20** Gen yon elèv ki mete yon men l nan yon sak ki gen plizyè bagay ki gen sifas lis ladan. Elèv la manyen sifas bagay yo san li pa gade andedan sak la. Kilès nan pwopriyete bagay sa yo elèv la pral kapab rekonèt pi fasil?
- A fòm
 - B koulè
 - C kapasite pou reflechi limyè
 - D kapasite pou kondwi elektrisite
- 21** Gen yon elèv ki gen yon boul ajil kap koule si yo mete l nan yon bòl dlo. Ki pwopriyete yo dwe chanje pou fè boul ajil la flote?
- A koulè
 - B teksti
 - C mas
 - D fòm

22 Gen yon jennfi kap klere yon flach nan yon glas pou li voye yon siyal bay zanmi l. Zanmi a kapab wè siyal la paske

- A enèji ki nan chalè kapab transfere sòti nan yon bagay pou ale nan yon lòt
- B enèji mekanik kapab transfere sòti nan yon bagay pou ale nan yon lòt
- C enèji sonò kapab reflechi pou sòti nan yon bagay epi ale nan yon lòt
- D enèji ki nan limyè kapab reflechi pou sòti nan yon bagay epi ale nan yon lòt

23 Tèmomèt ki pi ba la yo montre tanperati yon likid nan koumansman yon esperyans epi nan fen esperyans lan.




Kouman tanperati likid la chanje ant koumansman ak fen esperyans lan?

- A Li bese 4°F .
- B Li bese 8°F .
- C Li monte 2°F .
- D Li monte 10°F .

24 Ki pati nan yon plant ki pwodwi gress yo?


- A flè yo
- B fèy yo
- C twon an
- D rasin yo

- 25 Dyagram ki pi ba la a montre yon sikwi elektrik ki pa fèmen, epi ki genyen yon pil, yon anpoul, ak twa fil elektrik ki make A, B, ak C.



Anpoul la **pa** limen. Kisa ou dwe fè pou fèmen sikwi a epi limen anpoul la?

- A Retire fil ki make C a.
 - B Retire pil la.
 - C Konekte fil ki make B ak C yo.
 - D Konekte fil ki make A ak B yo.
- 26 Desen ki pi ba la a montre yon fil an kwiv ki gen yon manch an bwa epi yo kenbe l sou tèt yon flanm dife.



Kisa ki pral gen plis chans rive apre kèk minit?

- A Limyè a pral tounen elektrisite.
- B Chalè a pral pase nan fil la.
- C Flanm dife a pral klere plis.
- D Flanm dife a pral etenn.

27 Elèv klas katriyèm yo ap pare pou yo fè yon kous sou paten. Ki sifas ki ta pi bon pou kous la?

- A gravye
- B sab
- C beton
- D zèb




28 Ki zouti ki ta pi bon pou mezire volim yon likid?

- A yon balans ak plato
- B yon kwonomèt
- C yon tèmomèt
- D yon silenn

29 Di youn nan jan moun kapab kenbe sante yo.

- A dòmi tout lajounen
- B fè egzèsis chak jou
- C manje ti goute souvan
- D ale dòmi ta

30 Gen de (2) bagay ki gen menm mas yo pral mete menm distans lan pa rapò ak sipò yon pyès long ki bay yon balans ekilib. Kilès nan dyagram yo ki montre kote yo dwe mete sipò a anba balans lan pou bagay yo rete an ekilib?



Dezyèm Pati

Esplikasyon (31–41): Ekri repons ou yo nan espas yo kite anba chak kesyon yo.

Baze repons ou pou kesyon 31 ak 32 sou enfòmasyon ak tablo ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.

Eleman nitritif ki nan manje yo ede kò moun devlope ak repare tèt li. Moun bezwen kalsyòm pou zo yo ak dan yo kapab solid. Ou ka jwenn kalsyòm nan plizyè kalite manje. Tablo ki pi ba la a montre pouvantaj kalsyòm ki nan chak pòsyon nan kèk manje.


Manje	Pousantaj kalsyòm nan chak pòsyon*
Lèt	30
Ji zoranj	2
Yogout	30
Fwomaj	10
Pwa ki kwit nan fou	6

*Pousantaj valè pa jou yo baze sou yon rejim ki gen 2,000 kalori.

- 31 Kilès nan manje ki nan tablo a ki gen ***pi piti*** pouvantaj kalsyòm nan chak pòsyon? [1]
-

- 32 Di yon rezon ki fè kalsyòm dwe fè pati manje ki bon pou lasante. [1]
-
-

Baze repons ou pou kesyon 33 ak 34 sou grafik ki pi ba la a ak sou kone-sans ou nan syans. Grafik ki pi ba la a montre kantite sèf ki te viv nan yon zòn pandan yon peryòd sèt an.



- 33 Konbyen fwa popilasyon sèf lan te **bese**, ant yon ane ak ane apre a, pandan peryòd sèt an sa a? [1]

_____ fwa

- 34 Dekri **de (2)** faktè ki te kapab lakòz popilasyon sèf lan **bese**. [2]


(1) _____

(2) _____

35 a Gen zwazo ki vole nan direksyon sid pandan sezon otòn lan. Yo rele adaptasyon sezonyè sa a migrasyon. Esplike rezon ki lakòz migrasyon zwazo sa yo. [1]

b Bay yon egzanp ki montre **yon lòt** jan bêt yo adapte ak chanjman nan sezon yo. [1]

Baze repons ou pou kesyon 36 ak 37 sou dyagram ki nan akwaryòm pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.



36 Idantifye **de (2)** òganis vivan nan dyagram lan. [1]

(1) _____


(2) _____

37 Idantifye **de (2)** bagay **ki pa gen lavi** nan dyagram lan. [1]

(1) _____

(2) _____

Baze repons ou pou kesyon 38 a 40 sou chenn alimantè ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.




(Imaj sa a pa fèt dapre pwopòsyon)

- 38 Nan chenn alimantè sa a, ki òganis ki sèvi ak enèji soley pou pwodwi manje? [1]
-

- 39 Nan chenn alimantè sa a, ki òganis ki depann dirèkteman sou plant yo pou jwenn manje? [1]
-

- 40 Si yon sourit mouri epi **pa** gen koukou ki manje l, kouman eleman nitritif ki sòti nan kò sourit la pral retounen nan chenn alimantè a? [1]
-
-
-

- 41 Gen yon konpayi ki achte yon teren an 1989 pou bati apatman. Dyagram ki gen 1989 ekri sou li a montre teren an anvan konpayi an bati apatman yo. Dyagram ki gen 2001 ekri sou li a montre teren an apre konpayi an bati apatman yo.



- a Dekri yon rezulta **pozitif** chanjman ki parèt nan dyagram lan pote pou òganis ki rete nan zòn lan. [1]

- b Dekri yon rezulta **negatif** chanjman ki parèt nan dyagram lan pote pou òganis ki rete nan zòn lan. [1]

For Teacher Use Only
Part II Credit

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	1	
32	1	
33	1	
34	2	
35	2	
36	1	
37	1	
38	1	
39	1	
40	1	
41	2	
Total	14	